



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 16/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KANPAY PIBLISITE POU PWOMOUVWA GWO  
FWAR LETA NEW YORK POU LANE 2016 LAN**

***Se pou Premye fwa yo fè Piblisite Komèsyal Televize pou Pwomouvwa Fwar ki pou  
Òganize nan Media Markets yo ki Atravè tout Eta a***

***Gouvènè Cuomo te Mete Aksan sou Redemaraj Ekonomik nan Rejyon Nò a nan  
Inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest la***

***Gouvènè Cuomo ansanm ak Gwoup Medya Syracuse te Rivalize nan "Koup Gouvènè  
a" pou sipòte Fondasyon Jim ak Juli Boenheim ak Rechèch Kansè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon kanpay piblisite pou Gwo Fwar Leta New York pou lane 2016 lan, ki pral òganize nan Espas Òganizasyon Fwar lan ke yo te reyameje a. Kanpay la ap gen ladan pou premye fwa piblisite televize ke yo pral pase atravè tout eta a pou pwomouvwa fwar lan. Gouvènè Cuomo te fè anons sa pandan vizit nan New York Santral jounen jodi a – An premye nan toune nan Ekspozisyon Nasyonal Machin Syracuse la nan Espas Òganizasyon Fwar lan, epi apre nan konpetisyon "Koup Gouvènè a" nan kous kannòt pou benefisyè Fondasyon Jim ak Juli Boenheim lan kòm yon pati nan inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest lan.

"Fwar Leta a se yon pyès santral nan istwa rich vil New York la," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Soti nan Ekspozisyon Nasyonal Machin Klasik nan Syracuse la, pou rive nan pèfòmans an dirèk ak ekzibisyon san limit, Espas Òganizasyon Fwar lan te kaptire kè ak panse vizitè li yo pandan lontan. Nouvo kanpay sa a pral pa sèlman mete aksan sou dènye amelyorasyon yo, men tou pou asire ke Fwar lan rete kòm yon tradisyon ki te vin onorab avèk le tan pou jenerasyon k'ap vini yo. Envestisman nou yo pou reyamenaje Espas Òganizasyon Fwar lan epi fè reviv Lak Onondaga a ap kreye yon sinèji ekonomik pwisan pou rejyon an, epi relans kous kannòt la ap selebre pwochèn etap nan istwa istorik New York Santral la."

**Piblisite Televize ki pral fèt pou Premye Fwa pou Pwomouvwa Fwar Leta pou lane 2016 lan**

Pou ankouraje rezidan yo atravè tout eta a pou yo patisipe nan Gwo Fwar Leta New York pou lane 2016 lan, Leta a ap lanse yon kanpay piblisite ki ap met aksan sou chanjman siyifikatif nan Espas Òganizasyon Fwar lan pou ane sa a. Kanpay sa ap gen ladan yon piblisite televize ki pral pase nan tout mache atravè eta yo nan fen peryòd ete a.

Sa se pwemye fwa yo pral pwomouvwa Fwar atravè piblisite televize atravè eta a, pou rann li vin pi fasil pou atenn objektif gouvènè a pou akeyi 1 milyon vizitè sezon sa a. Tèm Gwo Fwar

Leta New York pou lane 2016 lan se “Find Your Great” – pou mete Fwar Leta apa soti nan lòt Fwar yo nan itilize “Find Your...” kòm yon tèm rekiran pou divès atraksyon yo. Ane sa Fwar yo ap òganize ant 25 Daout pou rive 5 Septanm. Tikè pou vant alavans yo disponib [isit la](#).

Kanpay sa a pral ranfòse Kanpay Piblisite Anyèl pou Fwar yo pou ka ekspoze yo yon fason ki pi laj epi fè piblisite pou li nan mache yo ki pa konn nòmalman fè pati objektif Fwar sa. Kanpay la enplike televizyon, radyo, piblisite espesyal enprime ak dijital, ansanm ak lòt nouvote sou sit entènèt Fwar la ak aplikasyon pou telefòn.

Fwar Leta Ane sa a pral fèt nan Espas Òganizasyon Fwar ki pral reyamenaje konplètman ki ap mezire 375 ekta, se sa ke Gouvènè Cuomo te anonse ane pase. Plan 50 milyon dola Gouvènè a amelyore kalite eksperyans moun ki renmen ale nan Fwar yo, epi li bay pi gwo benefis ekonomik pou rejyon an. Amelyorasyon yo genyen ladan yo yon nouvo Antre Prensipal remakab, ark yo ki raple pòtay ki te akeyi moun ki renmen ale nan fwar la yo nan lane 1900; yon espas ekspozisyon nan mitan ki mezire 15 ekta ki pi laj ki pral resevwa plis parad depi toutan; yon eksperyans modèn pou vizitè yo ki pral jwenn kote pou chaje telefòn yo ak espas pou yo repoze; epi nouvo Pakin karabann Empire RV a k’ap genyen 315 plas, ansanm ak aksè a dlo ki pase anba tè, sèvis egou ak sèvis elèktrik. Nouvo Espas Òganizasyon Fwar lan tou gen ladan’l nouvo espas pakin fleksib ansanm ak divès pakin ak amelyorasyon sekirite pyeton yo, ki ansanm pral amelyore pozisyon Espas Òganizasyon Fwar Leta New York la kòm yon fasilite pwemye chwa pandan tout ane a, ki gen plizyè fonksyon ki ka atire apnpi evènman ak vizitè ki sòti atravè tout nasyon an. W’ap jwenn plis enfòmasyon sou revitalizasyon an ki disponib [isit la](#) epi ou kapab wè entèpretasyon yo [isit la](#).

### **Koup Gouvènè a nan Inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest**

Pou kòmanse Inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest lan, Gouvènè Cuomo t’ap dirije yon ekip ofisyèl administrasyon nan yon kannòt ki pou ywit moun, kont ekip ki genyen Tim Kennedy, ki se Prezidan Gwoup Medya Syracuse lan, Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, Juli Boenheim, ak lòt patisipan lokal yo. Kous sa a te gen ladan’l yon pari 1,000 dola ke yo pral bay Fondasyon Jim ak Juli Boenheim lan pou sipòte timoun defavorize yo nan New York Santral, epi bay lajan pou fè rechèch kont kansè ak pledwaye. Apre kous la, tou de ekip yo te dakò pou yo chak bay 1,000 dola pou kòz la.

Koup Gouvènè a make pwemye evènman an nan yon seri aktivite k’ap dire tout jounen an nan Onondaga Cup & LakeFest. Jounen an pral gen ladan tou konkou rame kannòt, kayak ak bòd, ansanm ak yon festival ki ap genyen manje, bwason, tèss diven ak anpil lòt bagay. Pi gwo kanna an kawoutchou nan mond lan – ki mesire 61 pye epi peze onz tòn – pral sou lak lan tou kòm yon pati nan evènman an.

"Gouvènè Cuomo te montre yon angajman san relach pou Konte Onondaga ak tout New York Santral la," **se sa Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, te deklare.** "Soti nan fè kado 500 milyon dola pou akselere dinamism ekonomik nou anba Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, pou rive nan envesti 50 milyon dola pou transfòme Espas Òganizasyon Fwar Leta a, Gouvènè Cuomo te pote yon gwo santiman optimis ki se yon pati vital nan reyaparasyon rejyon an. Selebrasyon kous kannòt jounen jodi a se kòmansman yon tradisyon mèveye, epi mwen enpasyon pou’m patisipe ankò nan Koup Gouvènè a pandan plizyè lane k’ap vini la yo.

"Konpetisyon ki te fèt jounen jodi a se te yon fason adekwat pou nou te ka make renesans Lak Onondaga an epi sipòte travay enpòtan ke ni Fondasyon Jim ak Juli Boeheim, ni Kò Konsèvasyon Lak Onondaga an ap fè," **se sa Tim Kennedy, ki se Prezidan Gwoup Medya Syracuse lan, te deklare.** "Koup Gouvènè a te yon gwo ajou nan Inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest la, epi match dinamik sa te selebre reyèlman vigè kiltirèl siyifikatif e istorik New York Santral la.

Chak ekip yo te fè kous la ak yon kannòt ki te genyen ywit moun:

### ***Ekip Cuomo***

- Gouvènè Andrew M. Cuomo
- Kelly Cummings, ki se Chèf Depite Konseye Staf ak Wo Grade
- Alphonso David, ki se Konseye Jiridik Gouvènè a
- Robert Mujica, ki se Direktè Bidjè Leta New York
- Matthew Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpòtasyon Leta
- Stephanie Benton, ki se Direktris Biwo Gouvènè a yo
- Manm Lapolis Leta New York la

### ***Ekip CNY***

- Tim Kennedy, ki se Prezidan Gwoup Medya Syracuse
- Juli Boeheim, ki se madanm antrenè baskètbòl Ameriken Jim Boeheim epi Vis Prezidan Fondasyon Jim & Juli Boeheim
- Jim Bright, ki se Prezidan Konpayi Mèb Dunk & Bright
- Jim Fox, ki se Ofisye Chèf Ekzekitif nan O'Brien & Gere Cos.
- Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif nan Konte Onondaga
- Jason Smoral, ki se Direktè Jeneral nan Chèf Syracuse
- Al Stirpe, Manm Kò Lejislatif Leta

Koup Onondaga Cup & LakeFest la li pèmèt nou reviv tradisyon istorik epi li make pwemye selebrasyon kous kannòt nan Syracuse depi plis pase 20 lane. Ekip varyete Inivèsite Syracuse lan te ranpòte Chanpyona Nasyonal Asosiyasyon Kous Rame Kannòt Entècolejyal la nan lane 1978 ki te fèt sou lak vil natal yo a nan Konte Onondaga. Nan lane 1990 yo, Kous Kannòt IRA la te al òganize nan vil Camden, N.J.

###